

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif sarta métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 124), désain anu bisa dipaké dina kuasi ékspérimén téh aya tilu rupa, nya éta: (1) *one shot case study*; (2) *one group pre-test – post-test design*; (3) *post-test only control group design*. Dina ieu panalungtikan, désain nu baris dipaké nya éta *one group pre-test – post-test design*. Panalungtikan dimimitian ku cara méré *pre-test* heula pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda. Sabada éta, siswa dibéré *treatment* ku cara maké aplikasi *Aksundroid* pikeun ngaronjatkeun kamampuhna. Di ahir panalungtikan, siswa dibéré deui soal minangka *post-test* pikeun maluruh aya atawa henteuna karonjatan kamampuh dina nulis aksara Sunda. Désain dina ieu panalungtikan bisa dijéntrékeun saperti tabél di handap.

**Tabél 3.1**  
*Désain Panalungtikan*

$O_1$	X	$O_2$
-------	---	-------

Keterangan:

- $O_1$  = *Pre-test* (tés awal nu dilaksanakeun saméméh ékspérimén)  
X = *Treatment* (perlakuan pangajaran nulis aksara Sunda maké média *Aksundroid*)  
 $O_2$  = *Post-test* (tés ahir nu dilaksanakeun sanggeus ékspérimén)

### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug Taun Ajaran 2021/2022. Sumber data baris dijéntrékeun dina tabél ieu di handap

**Tabél 3.2**  
*Sumber data*

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VII B	11	24	35

Patali jeung data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda dina unggal tés. Data nu kahiji dicokot nalika *pre-test*, hartina ieu téh mangrupa kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun média *Aksundroid*. Nu kadua nyaéta dina *post-test* anu hartina, kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média *Aksundroid*.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 102) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial. Instrumén panalungtikan kabagi jadi observasi, *interview* (wawancara), *question* (angkét), jeung tés (Kuswari, 2010, kc. 20). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu baris dipaké nyaéta angkét jeung tés dina wangun tinulis.

Nurutkeun Kasmadi jeung Sunariah (2013, kc. 70), angkét mangrupa kumpulan patalékan anu ngabutuhkeun jawaban boh saluyu boh teu saluyu ti *responden*. Dina ieu panalungtikan, siswa anu bakal jadi *responden*. Diayakeun angkét téh pikeun maluruh kasugemaan kana média *Aksundroid*, sabab jawaban anu dikumpulkeun bakal jadi tinimbangan keur ngamekarkeun *Aksundroid* kahareupna. Ku kituna, data angkét téh sakur jadi data panglengkep hungkul. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kumpulan patalékan nu bakal diajukeun ka siswa.

**Tabél 3.3**  
*Patalékan Angkét*

No	Patalékan	Nilai				
		1	2	3	4	5
1	Naha hidep paham kana inpormasi nu aya di jero <i>Aksundroid</i> ?					
2	Naha hidep paham cara ngagunakeun <i>Aksundroid</i> ?					
3	Naha hidep sugema kana <i>Aksundroid</i> ?					
4	Naha <i>Aksundroid</i> saluyu jeung kabutuhan diajar hidep?					
5	Sakumaha mangpaat <i>Aksundroid</i> keur hidep?					

Tés tulis nu bakal dipaké nya éta dina wangun uraian (ésai). Nurutkeun Kuswari (2010, kc. 130), wangun soal uraian kudu dijawab ku siswa kalawan ngagunakeun basana sorangan sacara teges. Tés tulis kaasup kana tés préstasi, sabab udaganna pikeun ngukur kamampuh siswa sanggeus diajar hiji hal. Tés tulis bakal dilaksanakeun minangka *pre-test* jeung *post-test* kalawan soal nu sarua. Matéri anu diujikeun sabudeureun aksara Sunda ngawengku vokal, konsonan, angka, jeung pananda sora. Sangkan gampang dina nyusun soal, léngkah mimiti nu baris dilaksanakeun téh nyieun heula kisi-kisi kalawan ngagunakeun padika *high order thinking skill (hots)*. Udaganna pikeun nyaluyukeun kana kompetensi nu geus ditetepkeun sarta miharep siswa téh bisa ngébréhkeun jawabanana sorangan. Lantaran saacan ngajawab soal, siswa kudu ngalarapkeun heula pamikiran tingkat luhur. Anapon kisi-kisina saperti ieu di handap.

**Tabél 3.4**  
*Kisi-Kisi Penulisan Soal*

<b>Kompetensi Dasar (KD)</b>				
3.7 Menganalisis bentuk dan tipe aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya.				
4.7. Mengkreasikan aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya.				
No.	Materi	Indikator Soal	Level Kognitif	Jumlah Soal
1	Aksara Sunda	Disajikan sebuah kalimat, peserta didik dapat memperbaiki penulisan kalimat tersebut.	C5	2
2		Disajikan sebuah gambar, peserta didik dapat memperbaiki penulisan aksara Sunda yang ada di dalamnya.	C5	1
3		Disajikan dua kalimat, peserta didik dapat menganalisis persamaan pesan yang terkandung di dalamnya.	C4	1
4		Disajikan sebuah kalimat, peserta didik dapat merinci komponen aksara Sunda yang terdapat di dalamnya.	C4	2



3. Titénan gambar di handap!



Aksara Sunda anu ditulis dina plang jalan di luhur téh salah. Ropéa sangkan jadi tulisan nu bener!

4. Titénan kalimat di handap!

Kalimat 1

ᮊᮞᮓ ᮒ ᮊ ᮘᮒᮒ, ᮊᮞᮓ ᮒ ᮊ ᮒᮒᮒᮒ

Kalimat 2

ᮒᮒ ᮘᮒᮒᮒ, ᮒᮒ ᮘᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒ

Tulis maké aksara Sunda, sasaruuan amanat nu aya dina dua kalimat di luhur!

5. Titénan kalimat di handap!

***Kuru cileuh, kentél peujit***

Jieun tabél komponén aksara Sunda tina kalimat di luhur!

6. Titénan kalimat di handap!

***Sanghyang Siksa Kandang Karesian***

Jieun tabél komponén aksara Sunda tina kalimat di luhur!

7. Titénan babasan di handap!

***Lungguh tutut***

***Ménta buntut***

***Buntut kasiran***

***Katurug katutuh***

Tulis babasan nu di jerona merlukeun:

- 1) 4 panyuku jeung penyecek
- 2) 3 pamaéh jeung penghulu

8. Titénan gambar di handap!



Jieun kalimat nu patali jeung gambar di luhur!

9. Titénan gambar di handap!



Jieun kalimat nu patali jeung kaulinan barudak.

10. Titénan gambar di handap!



Jieun biodata singget nu patali jeung gambar di luhur!


### Wilujeng Ngerjakeun

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

6.	_____
7.	_____
8.	_____
9.	_____
10.	_____

### 3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun. Ku ayana prosedur, mantuan panalungtikan sangkan sistematis.. Sacara jembar, prosedur panalungtikan nu baris dilaksanakeun téh digambarkeun dina bagan ieu di handap.



**Bagan 3.1**  
*Prosedur Panalungtikan*

Sacara jembar, léngkah-léngkah nu baris dipilampah téh saperti ieu di handap.

#### a) Idéntifikasi Masalah

Mimiti, panalungtik ngaidéntifikasi masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda. Kapaluruh masalahna sabudeureun diajar aksara Sunda. Satuluyna ieu masalah dirumuskeun jadi sababaraha



kalimah pananya anu kudu dibuktikeun bebeneranana ku cara panalungtikan.

b) Ngumpulkeun data

Dina ieu tahapan, prak-prakanana diluyukeun jeung nu geus disusun dina désain panalungtikan sarta ditambahan ku ngeusian angkét. Dina kaayaan pandemi Covid-19 ieu, métode kuasi ékspérimén téh baris diadumaniskeun kana métode pangajaran daring *Asynchronous Learning Management System (LMS)* nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *Moodle* resmi ti sakola nu ilahar dipaké pikeun pangajaran sapopoé. Sakabéh léngkah ngumpulkeun data baris museur dina *Moodle* sakola. Ku kituna dijieun kelas husus pikeun ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, aya opat léngkah nu bakal dipilampah, nya éta.

1) Ngalaksanakeun *pre-test (Before Class)*

Sapoé saacan pangajaran lumangsung, siswa bakal dibéré *pre-test* sarta déskripsi pangajaran nu bakal dilaksanakeun poé isukna. Soal *pre-test* eusina luyu jeung nu geus disusun dina instrumén panalungtikan. Léngkah migawé soal, dimimitian ku siswa asup kana bahasan *pre-test*, sanggeus kitu karék bisa nempo soal nu kudu dipigawé. Siswa diperdih pikeun maca pituduh unggal soal, lantaran soal bakal dipidangkeun hiji-hiji. Ku kituna, jawaban téh ditulis saheulaanan dina buku. Sanggeus nepi soal ka-10, aya lolongkrang pikeun ngapungkeun jawaban dina wangun foto. Taya watesan siswa ngirim sabaraha jawaban pon kitu deui dina ukuranana gé sarua.

2) Méré *treatment (During Class)*

Cunduk waktu pangajaran, siswa diperdih pikeun mariksa kelas. Di jero kelas, geus disiapkeun bahasan anyar ngeunaan aplikasi *Aksundroid*. Dina ieu bahasan bakal disadiakeun dua pituduh. Kahiji, siswa dipiharep ngunduh heula éta aplikasi tuluy *install* dina *gadget* séwang-séwangan. Kadua, pikeun bukti geus *install* éta aplikasi, siswa dipiharep ngapungkeun potrét dirina sarta *gadget* nu geus *diinstall* aplikasi *Aksundroid*. Sanggeus kitu, siswa diperdih pikeun neuleuman matéri sarta latihan nu aya dina *Aksundroid*.

3) Ngalaksanakeun *post-test*

Sanggeus jam pangajaran bérés, siswa bakal diuji deui maké soal nu sarua. Bahasan ngeunaan *post-test* bakal sadia nalika siswa geus ngabéréskeun bahasan saacanna. Soal nu diujikeun mangrupa soal nu sarua nalika *pre-test*. Pon kitu deui dina léngkah-léngkah nu kudu dipilampah gé sarua. Dipiharep ku cara saperti kieu, hasilna bakal sarua obyektif sarta luyu jeung harepan najan dilaksanakeun sacara daring.

4) Ngeusian angkét

Anu pamungkas dina ngumpulkeun data téh nyaéta ngeusian angkét. Sok sanajan eusina sakur angkét tertutup, dipiharep ieu angkét téh bisa jadi acuan pikeun kamekaran *Aksundroid* kahareupna atawa panalungtikan satuluyna.

c) Analisis data

Hasil tina *pre-test* jeung *post-test* téh dibandingkeun pikeun maluruh naha aya béda anu signifikan atawa henteu. Upama hasil *post-test* ngaronjat tina hasil *pre-test*, hartina media *Aksundroid* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda.

d) Kacindekan

Panalungtik méré kacindekan, saran, jeung implikasi tina hasil panalungtikan sacara déskriptif.

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh maké téhnik tés jeung angkét. Téhnik tés dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus uji coba média *Aksundroid* dina pangajaran aksara Sunda. *Pre-test* maksudna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh dibéré bantuan média *Aksundroid*. Sedengkeun *post-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa sanggeus uji coba ngagunakeun média *Aksundroid*. Angkét dipaké pikeun maluruh kasugemaan siswa dina ngagunakeun *Aksundroid*. Udaganana pikeun implikasi panalungtikan jeung kamekaran *Aksundroid* kahareupna.

### 3.6 Analisis Data

#### 3.6.1 Instrumén Analisis Data

Data anu geus dikumpulkeun téh dianalisis jeung diolah. Sacara jembar bakal katémbong aya karonjatan atawa henteu dina hasil diajarna. Prosésna teu gampang jeung teu sakeudeung. Aya sababaraha léngkah nu kudu dipilampah, di antarana.

- 1) Mariksa jeung méré peunteun kana jawaban siswa kalawan pedoman anu jelas. Pedoman dina méré peunteun bisa ngagunakeun métode per soal, métode per kaca, atawa métode nyilang (Arifin, 2009, kc. 129). Anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode per soal (*whole method*) kalawan bobot nilai nu béda unggal soalna. Aspék nu dipeunteun nyoko kana ketepatan jeung karapihan. Katepatan nilik kana *efisiensi* dina milih aksara jeung kasaluyuan jawaban. Sedengkeun karapihan nilik kana rapih atawa henteuna dina nulis aksara Sunda. Unggal aspék dibéré peunteun pangleutikna hiji (1) upama dieusian, sedengkeun peunteun panggedéna gumantung bobot soal. Anapon conto format peunteun na téh saperti ieu di handap.

**Tabél 3.6**

*Kritéria Skor Nulis Aksara Sunda*

No.	Soal	Aspek nu dipeunteun		$\Sigma$
		Katepatan	Karapihan	
1	Ngaropéa aksara Sunda	3	5	8
2	Ngaropéa aksara Sunda	3	5	8
3	Ngaropéa aksara Sunda	3	5	8
4	Nyokot amanat tina dua kalimat.	4	6	10
5	Nyieun tabel komponén aksara Sunda tina paribasa.	4	4	8
6	Nyieun tabel komponén aksara Sunda tina ngaran naskah.	4	4	8
7	Nganalisis babasan nu luyu jeung kaperluan.	3	5	8
8	Nyieun kalimat nu patali jeung gambar kabersihan.	7	7	14

9	Nyieun kalimat nu patali jeung kaulinan barudak.	7	7	14
10	Nyieun biodata diri dumasar gambar.	7	7	14
$\Sigma$		45	55	100

- 2) Méré katégori kana unggal aspék nu dipeuteun kalawan skala saperti dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.7**

*Skala Katégori Unggal Aspék nu Dipeunteun*

Katepatan		Karapihan	
Skala	Katégori	Skala	Katégori
0 – 9	Kurang pisan	0 – 11	Kurang pisan
10 – 18	Kurang	12 – 22	Kurang
19 – 27	Sedeng	23 – 33	Sedeng
28 – 36	Hadé	34 – 44	Hadé
37 – 45	Hadé pisan	45 – 55	Hadé pisan

- 3) Méré peunteun kana hasil tés siswa kalawan maké rumus saperti ieu di handap.

$$P = \Sigma a + \Sigma b$$

Katerangan:

$\Sigma a$  = skor katepatan

$\Sigma b$  = skor karapihan

$P$  = peunteun ahir

- 4) Sangkan hasil analisis téh rapih. Peunteun unggal siswa dikumpulkeun dina *tabel* ieu di handap.

**Tabél 3.8**

*Format Skala Peunteun Nulis Aksara Sunda*

Kode Siswa	Aspek nu dipeunteun				$P_1$	$P_0$	Kategori
	$\Sigma a$	$K_a$	$\Sigma b$	$K_b$			
$\Sigma$							

Rata-rata							
-----------	--	--	--	--	--	--	--

Keterangan:

$P_1$  = Peunteun siswa

$P_0$  = Peunteun maksimal

$\sum a$  = Skor katepatan

$\sum b$  = Skor karapihan

$K_a$  = Katégori katepatan

$K_b$  = Katégori karapihan

$\sum$  = Jumlah

Kategori = Peunteun  $\geq 70$  dianggap mampu,  $< 70$  dianggap can mampu

### 3.6.2 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data bakal dilakukeun uji normalitas sarta uji hipotésis. Uji normalitas dilaksanakeun pikeun maluruh data nu geus kakumpul téh naha normal atawa henteu. Sedengkeun uji hipotésis dilakukeun pikeun maluruh dugaan kana kaputusan nu bakal dicokot dina hasil ieu panalungtikan. Data panalungtikan baris diolah ogé dianalisis ngagunakeun bantuan aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) PASW versi 18.

#### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Saperti nu geus dijelaskeun saacanna yén uji normalitas udaganana pikeun mikanyaho normal atawa henteu data anu geus kakumpul dina panalungtikan téh. Aya sababaraha métode pikeun nguji asumsi normal henteuna data. Salah sahijina nya éta *Shapiro Wilk* (SW). Ieu métode téh cocog pisan keur sumber data nu di handap 50 urang sarta taraf kapercayaan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Anapon dasar nyokot kaputusan dina uji normalitas téh saperti ieu di handap.

$H_a$  = data distribusina normal

$H_0$  = data distribusina teu normal

$H_a$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikan)  $\geq 0,05$

$H_a$  ditolak jeung  $H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikan)  $< 0,05$

### 3.6.2.2 Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis, aya dua cara. Kahiji, upama hasil uji normalitasna nuduhkeun data téh teu berdistribusi normal, mangka pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic non-parametric Wilcoxon Match Pairs Test*. Kadua, upama hasil uji normalitasna nuduhkeun data téh berdistribusi normal, mangka pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic parametric T-tes*.

Satuluyna ditangtukeun naha hipotésis téh ditarima atawa henteu. Anapon kritéria ditarima atawa henteuna téh saperti ieu di handap.

$H_a$  (Hipotésis alternatif): Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média pangajaran *Aksundroid*.

$H_0$  (Hipotésis nol): Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média pangajaran *Aksundroid*.